

Insert school letterhead

Lèt sou kit pou fè tès adomisil: Lèt sou sentom COVID

Insert Date

Chè fanmi,

Ou resevwa yon kit pou fè tès COVID-19 lakay ou paske pitit ou a te gen sentom COVID-19 pandan li nan lekòl la.

Men kòman ou ta dwe itilize kit tès ou a:

- Tanpri ede pitit ou a fè premye tès la **imedyatman**.
- Tanpri ede pitit ou a fè dezyèm tès la **24 èdtan apre**.
- Pitit ou a **gen dwa pa ka ale lekòl** pazavan li fè de tès lakay ki negatif nan espas 24 èdtan epi li pa gen lafyèv pou 24èdtan san li pa itilize okenn medikaman pou desann lafyèv la OSWA si pitit ou a resevwa yon rezilta tès negatif pou yon tès PCR COVID.
- Si pitit ou a teste pozitif nan nenpòt tès adomisil yo, pitit ou a dwe izole pou 10 jou apre premye rezilta pozitif la. Tanpri kontakte lekòl pitit ou a imedyatman ak pou jwenn plis konsèy.

Tout kit tès yo vini ak eksplikasyon ki enprime sou yo, tanpri suiv eksplikasyon yo lè w ap fè tès la. Ou ka verifye tou kit tès ou a ak gade yon videyo sou kòman pou itilize kit tès ou a:

- ACON Flowflex: <https://youtu.be/CtENzECCmG8>
- Carestart: https://youtu.be/r6juU4wMz_g
- iHealth: https://youtu.be/_juFqYt25il

Pou w jwenn lòt enfòmasyon, ou ka ale tou sou sitwèb konpayi ki fè kit tès la.

- Carestart home kit: <https://www.letsongo.com/>
- Acon Flowflex home kit: <https://flowflexcovid.com/>
- iHealth home kit: <https://ihealthlabs.com/>

Insert Principal Signature

Tanpri sonje gen kèk resous lòt kote ki ka pa disponib nan lòt lang.